



### **Akademisyen Ernst MIRVILLE**

#### **Prezantasyon:**

Ernst MIRVILLE fèt 30 jiyè 1940, Pòtoprens, depatman Lwès. Li etidye nan Universitè d'Etat d'Haïti kote li pran yon diplome nan medsin nan lane 1966 (Faculté de Médecine et de Pharmacie) ak yon lòt nan Antwopoloji/Sosyoloji nan lane 1971(Faculté d'Ethnologie).

#### **Piblikasyon:**

Ernst Mirville ekri woman, gramè kreyòl ak plizyè atik nan jounal ak nan rev. Pami tout zèv sa yo, nou ka site:

- *Cahier kreyòl* No 1, 1965
- *Cahier Kreyòl* No 2, Face à Face, 1988
- *Deviz* (Pwezi), 1974
- *Tim-Tim* (Fab) 1973, 1985
- *Siwolin*, Leson kreyòl pou etranje ki pale franse, 1984
- *Éléments de lexicographie bilingue : créole-français*, 1979
- *Similak* (tradiksyon woman Fernand Hibbert), 1978
- *Kaye kreyòl* No 3, 2000

#### **Angajman**

Nan kad travay li fè pou defann oswa fè pwomosyon pou lang ak kilti kreyòl la, li entèveni nan sektè sa yo :

- Kominikasyon
- Lengwistik
- Edikasyon
- Antwopoloji
- Kilti
- Sosyoloji

Se Tanbou Literè ki te pwopoze kandidati Ernst Mirville kòm Akademisyen.